МКОУ «Гимназия Культуры мира» им. Нуцалова К. Г.

# Проекталъулаб х1алт1и



**Муг1алим:**

**Мирзабегова**

**Г1аишат Магомедамииовиа**

**с. Гуни**



# Магомедов Айтимер (Ати)

Дир к1удадал эмен ккола Мух1амадов Айтимер Г1алиевич. Гьев гьавуна 1910 соналъ. 1935 соналъ лъугьана колхозалъул г1ияде вехьлъун. Армиялде инагун, мобилизациялъ ккун вит1ана рагъде.

4 соналъ рагъдаги вук1ун, 1945 соналъул августалъ вач1ана т1адвуссун, бергьенлъиги босун. Гьениса вач1аралдасаги вук1ана вехьлъун колхозалда, пенсиялде инег1ан.

1984 соналъул 13 апрелалда хвана дир к1удадал эмен.



# Дарбищев Ахмазиявдин

Дир к1удадал эмен ккола Дарбищев Ахмазиявдин Магомедрасулович. Гьев гьавуна 1905 соналъ Казбек районалъул Гуни росулъ.

Армиялде инагун, мобилизациялъ ккун вит1ана рагъде. Рагъда гьев вук1ана снайпер. Гьев вагъана Сталинградалда, Крымалда, Литваялда, Новороссийскалда. Рагъда 3 нухалъ лъукъана.Гьев вагъана 5 соналъ ва 6 моц1алъ. Рагъ лъуг1ун, рокъове берцинго т1адвуссана.

Гьев мустах1икълъана 3 орденалъе. Гьениса вач1аралдасаги вук1ана вехьлъун колхозалда, пенсиялде инег1ан.

1978 соналъул ноябралда хвана дир к1удадал эмен.